

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

# APÈSI SOU LWA YO

Ki Pwoteje TOUT Travayè nan Eta New York

Fèy enfòmasyon sa a se yon apèsi sou lwa nan Eta New York ki pwoteje w kòm yon travayè. Depatman Travay Eta New York, ki sipèvize lwa sa yo, pwoteje TOUT travayè yo kont vòl salè, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Si w ap travay nenpòt kote nan Eta New York, menm si w pa gen papye, yon imigran oswa yon moun k ap chèche azil, lalwa pwoteje w. Nan eta nou an, patwon yo DWE bay salè minimòm pa èdtan ak avantaj adisyonèl ki endike pi ba a.

## SALÈ MINIMÒM OBLIGATWA

Tout travayè yo gen dwa resevwa omwen yon salè minimòm pou chak èdtan travay. Sa gen ladann travayè fasfoud, travayè salon bote, travayè ki resevwa tep, ak plis ankò, kèlkeswa estati imigrasyon.

KOTE	SALÈ MINIMÒM (APATI 01/01/2025)	ANPLWAYE SÈVIS KI JWENN TEP YO* (APATI 01/01/2025)	TRAVAYÈ SÈVIS MANJE KI JWEMM TEP* (APATI 01/01/2025)
Vil Nouyòk	\$16.50/èdtan	\$13.75 Lajan Kach Salè \$2.75 Kredi Tep	\$11.00 Lajan Kach Salè \$5.50 Kredi Tep
Long Island & Westchester	\$16.50/èdtan	\$13.75 Lajan Kach Salè \$2.75 Kredi Tep	\$11.00 Lajan Kach Salè \$5.50 Kredi Tep
Rès Eta New York	\$15.50/èdtan	\$12.90 Salè Lajan Kach \$2.60 Kredi Tep	\$10.35 Lajan Kach Salè \$5.15 Kredi Tep

Lwa Eta New York pèmèt anplaye yo nan kèk endistri tankou otèl, restoran ak sèvis fè e pote manje konbine sa patwon an peye si travayè an fè ase tep nan men kliyan yo. Pa egzanp, yon restoran nan Vil Nouyòk ta ka peye \$10 pa èdtan (yo rele "salè lajan kach") si anplwaye a fè an mwayèn omwen \$5 pou chak èdtan nan tep pou jou sa a ("kredi tep"). **Travayè sèvis manje yo** enkli anplwaye sèvè, baman ak pèsonèl netwaye ak debarase tab. Sa PA enkli travayè livrezon yo. **Anplwaye sèvis ki resevwa tep yo** se lòt travayè, tankou sèvis pakin restoran ak menajè, ki konn resevwa tep.

Tout lòt travayè ki pa nan endistri Ospitalite yo, ki gen ladan moun ki nan salon bote ak lave machin, asistan sèvis pakin ak kwafè DWE touche salè minimòm total la, menm si yo resevwa tep.

## LÈ SIPLEMANTE

Pifò anplwaye yo dwe touche yon fwa edmi miltiplier pa salè yo peye pou chak èdtan travay apre 40 èdtan nan yon semèn.

## PERYÒD MANJE YO

Anplwayè nan Eta New York dwe bay tout anplwaye poz pou manje, apre yo fin travay yon sèten kantite èdtan. An jeneral, patwon yo dwe bay omwen 30 minit poz ki pa peye si yon anplwaye travay plis pase 6 èdtan.

## FREKANS PEMAN

Lwa Eta New York egzije pou travayè manyèl yo touche chak semèn, ak travayè biwo ak lòt travayè yo omwen de fwa pa mwa.

## AVI POU ANPLWAYE YO

Anplwayè yo oblige bay anplwaye yo avi sa yo:

- Deklarasyon salè (souch peman) ak chak peman salè
- Avi Peman, avi sou salè peman ak jou peman ansanm ak enfòmasyon sou èdtan ak avantaj tankou konje, asirans, elatriye.
- Avi Revokasyon, ki se yon avi alekri yo bay yon anplwaye nan senk jou ouvrab apre revokasyon li

## KONJE MALADI PEYE

Tout travayè sektè prive (ki pa gouvènman) nan Eta New York kouvari anba lwa konje maladi ak sekirite eta a. Sa vle di ou gen kapasite pou pran konje si ou malad. Kantite tan an epi si li peye oswa pa peye depann de gwosè biznis ou travay pou li a. Travayè nan tout kalite travay yo pwoteje, menm moun k ap travay a tan pasyèl oswa sezonye.

## VANJANS KONT TRAVAYÈ YO

Rapòte yon pwoblèm potansyèl oswa yon aktivite ilegal patwon w k lana parèt efreyan, men patwon yo pa ka pini w paske w fè nou konnen vyolasyon lwa travay ou oswa si w bay Depatman Travay la enfòmasyon. Si w rapòte yon vyolasyon, anplwayè w pa gen dwa: revoke w, koupe salè w oswa èdtan w, relokalize w nan yon lòt kote oswa desann grad ou. Si yo menase pou yo pran aksyon, rapòte w, depòte w oswa nenpòt lòt bagay, sa ilegal.

## KONPANSASYON TRAVAYÈ

Si ou blese oswa vin malad okoz de rezulta dirèk travay la, gen èd pou ou. Eta New York mande pou patwon yo bay chak travayè asirans konpansasyon travayè, kèlkswa sitwayènte ak/oswa estati imigrasyon. Nan ka yon aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay, asirans sa a peye pou swen medikal epi li bay ranplasman pasyèl salè si ou pa kapab travay (oswa touche mwens) akòz aksidan ou oswa maladi. Ou ka aprann plis lè w vizite **wcb.ny.gov** oswa rele **877-632-4996**. Gen sèvis asistans lang gratis ki disponib si w ta renmen enfòmasyon nan yon lòt lang ki pa Anglè.

## DEPOZE YON PLENT

Depatman Travay ede kolekte salè yo dwe travayè ki poko resevwa salè minimòm lan, yon fwa yo depoze yon reklamasyon avèk nou.

## SALÈ KI POKO PEYE YO

- Patwon w lan pa t peye w pou tout èdtan travay yo
- Chèk salè w la te rejte paske pa t gen ase lajan
- Ou pa t resevwa tout tep ou yo
- To salè ou te bese san avètisman alavans

## SIPLEMAN SALÈ KI PA PEYE

- Anplwayè w te pwomèt ou (avèbal oswa alekri), men li pa t bay peman vakans, peman vakans, bonis, elatriye.

## SALÈ MINIMÒM/LÈ SIPLEMANTÈ

- Patwon w lan te peye w mwens pase salè minimòm lan.
- Patwon w lan pa t peye salè lè siplemantè pou èdtan travay plis pase 40 nan yon semèn.

## ATIK KI PA SALÈ YO

- Patwon w lan pa t bay peryòd poz ki obligatwa a, jou repo, souch peman, avi sou peman, peman salè alè, oswa te pran yon aksyon negatif kont ou paske w te fè yon plent.

## FÒMILÈ PLENT YO

- Anglè: [dol.ny.gov/labor-standards-complaint-form-ls223](http://dol.ny.gov/labor-standards-complaint-form-ls223)
- Albanè: [dol.ny.gov/ls223al-albanian-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223al-albanian-labor-complaint-form)
- Arab: [dol.ny.gov/ls223ar-arabic-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223ar-arabic-labor-complaint-form)
- Bengali: [dol.ny.gov/ls223bn-bengali-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223bn-bengali-labor-complaint-form)
- Chinwa: [dol.ny.gov/ls223c-chinese-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223c-chinese-labor-complaint-form)
- Fransè: [dol.ny.gov/ls223f-french-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223f-french-labor-complaint-form)
- Grèk: [dol.ny.gov/ls223g-greek-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223g-greek-labor-complaint-form)
- Kreyòl Ayisyen: [dol.ny.gov/ls223hc-haitian-creole-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223hc-haitian-creole-labor-complaint-form)
- Hindi: [dol.ny.gov/ls223h-hindi-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223h-hindi-labor-complaint-form)
- Italyen: [dol.ny.gov/ls223i-italian-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223i-italian-labor-complaint-form)
- Japonè: [dol.ny.gov/ls223j-japanese-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223j-japanese-labor-complaint-form)
- Koreyen: [dol.ny.gov/ls223k-korean-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223k-korean-labor-complaint-form)
- Polonè: [dol.ny.gov/ls223p-polish-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223p-polish-labor-complaint-form)
- Pòtigè: [dol.ny.gov/ls223pg-portuguese-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223pg-portuguese-labor-complaint-form)
- Ris: [dol.ny.gov/ls223r-russian-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223r-russian-labor-complaint-form)
- Espanyòl: [dol.ny.gov/ls223s-spanish-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223s-spanish-labor-complaint-form)
- Oudou: [dol.ny.gov/ls223ur-urdu-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223ur-urdu-labor-complaint-form)
- Yidich: [dol.ny.gov/ls223y-yiddish-labor-complaint-form](http://dol.ny.gov/ls223y-yiddish-labor-complaint-form)

## SOUMÈT FÒMIÈ REKLAMASYON KI RANPLI YO BAY:

NYS DOL, Division of Labor Standards

State Office Campus

Building 12, Room 266B Albany, NY 12226

Si w bezwen plis asistans pou pote plent ou a, tanpri rele: **1-888-469-7365**.